

W ap travay Ozetazini?



Ou gen dwa, kèlkeswa estati imigrasyon w.

Ou gen dwa:

- Pou w kreye ak antre nan yon sendika.
- Pou yo peye w salè minimòm yo peye a pou tout lè w travay yo.
- Pou yo peye w alè.
- Pou w travay yon kote ki an sekirite.
- Pou yo trete w san paspouki oswa san asèlman.
- Pou w poze kesyon konsènan dispozisyon konpayi w ap travay la pran nan kesyon pèman oswa nan travay la.
- Pou w depoze yon reklamasyon san yo pa fè reprezay sou ou.
- Pou w kenbe dokiman idantite pèsònèl ou lè w ap vwayaje Ozetazini.
- Pou yo trete w yon fason jis lè y ap anboche w, san w pa peye lajan yon fason ki pa legal
- Pou w gen aksè ak lojman ak transpò ki an sekirite, lè konpayi w ap travay la bay yo

Pou konnen dwa w antanke travayè!

ALE SOU:
MigrantWorker.gov

